

# SDS IT AL - ICHLASH

## KAULINAN GALAH ASIN

---

DIAJAR KAULINAN TRADISIONAL SUNDA PIKEUN NANJEURKEUN RASA SABILULUNGAN

PANGAJARAN BASA SUNDA • KELAS 3 SDIT AL-ICHLASH • KURIKULUM MERDEKA

# NAON ARI GALAH ASIN ?

## Kaulinan Tradisional Sunda

**Galah Asin** (disebut oge Gobak Sodor atawa Galasin) nyaeta salah sahiji kaulinan kelompok tradisional anu populer pisan di tatar Sunda.

Ieu kaulinan merlukeun katangkasan lompat, kacerdasan ngatur strategi, sarta rasa sabilulungan (kerja sama) anu luhur antar pamaen.

**Cocok pisan dimaenkeun di buruan sakola anu lega!**



# PAKAKAS & TEMPAT MAEN

## Buruan Lega

- Butuh lapangan atawa buruan sakola anu rata, bersih, jeung cukup lega pikeun lumpat.

## Garis Kotak

- Siga lapangan voli, dibagi jadi sababaraha kotak garis horizontal jeung hiji garis nangtung di tengah.

## Kapur / Tali

- Alat pikeun nyieun garis pembatas dina semen, taneuh, atawa lapangan rumput.

# 3-7

URANG PER TIM

## Babagian Kelompok

Kaulinan galah asin kudu dimaenkeun ku **dua kelompok** anu jumlah pamaenna sarua (biasana ganjil, antara 3 nepi ka 7 urang).

Salian ti jumlah pamaen anu sarua, aya pembagian tugas sacara adil:

- **Tim Jaga** : Ngajagaan garis sangkan lawan teu lolos.
- **Tim Lompat** : Nyoba meuntas ka tukang jeung balik deui ka hareup.

## Soal 1

Naon ngaran sejen kaulinan Galah Asin di daerah sejen?

- Ucing Sumput
- Gobak Sodor/Galaasin
- Oray-orayan

## Soal 2

Sabahara urang jumlah pamaen dina hiji kelompok galah asin?

- 1 – 2 urang
- 3 – 7 urang
- 10 – 15 urang

## Soal 3

Pakakas naon anu dipake keur nyieun garis galah asin di taneuh?

- Bal maen bal
- Kapur atawa tali
- Batu kali

## Aturan Maen : Tim Jaga

**Nangtung dina Garis:** Unggal pamaen jaga nangtung sarta ngan meunang ojah (bergerak) dina garis horizontal anu geus ditangtukeun.

**Peran Sodor (Galah):** Aya saurang pamaen khusus anu ngajaga garis nangtung (vertikal) ti mimiti garis hareup nepi ka tukang.

**Tugas Nyabak:** Tim jaga kudu nyabak atawa nepak bagian awak pamaen lawan anu nyoba ngaliwat.

**Teu Meunang Kaluar:** Suku pamaen jaga teu meunang kaluar tina garis pembatas anu dijagana nalika nyoba nyabak lawan.

## Aturan Maen : Tim Lumpat

**Meuntas Kotak:** Kudu lumpat asup ka jero lapangan ti garis mimiti nepi ka garis tungtung di tukang.

**Balik deui ka Hareup:** Sanggeus nepi ka garis tukang, kudu balik deui ka garis asal kalayan salamet tanpa keuna ku panangan lawan.

**Hindari Sentuhan:** Sakabeh pamaen tim lumpat kudu tangkas nyingkahan cabakan leungeun Tim Jaga.

**Aturan Ganti Jaga:** Lamun salah sahiji pamaen lumpat keuna dicabak ku tim jaga, mangka kadua tim langsung gentos posisi.

## Soal 1

Suku pamaen tim jaga teh teu meunang ... tina garis pembatas.

- Nangtung
- Kaluar / lepas
- Lumpat

## Soal 2

Saha sebutan pikeun pamaen jaga khusus anu ngajaga garis nangtung?

- Kiper
- Sodor (Galah)
- Wasit

## Soal 3

Kumaha lamun salah sahiji pamaen lumpat keuna dicabak ku pamaen jaga?

- Meunang hadiah kartu
- Ganti peran (Ganti jaga)
- Maen dibatalkeun

# MANGPAAT PIKEUN KASEHATAN

---



## Sehat, Kuat, jeung Ceria!

Nalika maen Galah Asin, sakabeh anggota awak urang bakal loba ojah (bergerak aktif). Ieu mangpaatna:

- Ngalatih kakuatan otot suku jeung kasimbangan awak.
- Ngapas jadi leuwih kuat (latihan kardio alami).
- Pikiran jadi seger (refreshing) sanggeus diajar di kelas.

## NILEY KARAKTER (PROFIL PELAJAR PANCASILA)

---

### Sabilulungan

- Gotong-royong atawa kerja sama anu hade antar pamaen pikeun ngahontal kameunangan.

### Katangkasian

- Ngalatih fokus, kacepetan ojah, jeung kacerdasan mikir dina ngatur strategi.

### Sportivitas

- Diajar narima kaayaan eleh atawa meunang kalayan jujur sarta silih hargaan.

## Soal 1

Maen Galah Asin paling loba ngalatih kakuatan otot bagian...

- Leungeun
- Suku
- Beuteung

## Soal 2

Naon istilah basa Sunda pikeun gotong-royong atawa kerja sama?

- Sabilulungan
- Nyalira
- Hare - hare

## Soal 3

Sikep jujur, narima kaayaan eleh atawa meunang disebut oge sikep...

- Ambekan
- Sportif / Sportivitas
- Curang

# Aya Patarosan?

Mangga ditaroskeun bilih aya anu teu acan ngartos !

**BASA SUNDA KELAS 3 SDS IT AL -ICHLASH**